«САН УММАТ ДИКАНАХ ХЕДАР МА ДАЦ, ЦАРА МАРХА ДАСТАРНА СИХО МЕЛ ЙО, IУЬЙКЪАНА ХIУМА ЯАР ТIАЬХЬА МЕЛ ТОТТУ».

*Хьадис*

Газета награждена орденом «За заслуги перед Уммой» – I степени в 2010 году

Медаль «За заслугу перед Чеченской Республикой» 2009 год.

...я считаю что эта газета должна быть 4.05.2004. А.-Х. Кадыров

# Исламан зIаьнарш

أشعّة الإسلام

Республиканская религиозно-просветительская газета «Зори Ислама»

Дала бакъо толайойла!
*Кадыров А.-Х.*

Арахеца долийна I990-чу шеран 6-чу ноябрехь
Выходит с 6-го ноября I990 года

2016-чу шеран июнь беттан 9-гIа де
1437-чу шеран Рамадан беттан 4-гIа де
9 июнь 20I6 год № 11 (364)

*ТIОМ – АКХАРАЛЛА Ю. ТIАМНА ГЕНА ДОВЛАЛАШ, НАГАХЬ САННА МОСТАГI ШУЬГАРА ДИН, СИЙ, ДIАДАКХХА ВЕАНА ВАЦАХЬ. ШУН НИЦКЪ – ИЗА ХЬЕКЪАЛ, СОБАР, НИЙСО Ю ШУНА. МОСТАГIЧУЬНГА ЛАЛУР БАЦ И НИЦКЪ, МАЦЦА А ЦКЪА ИЗА ША ЭШНА ХИЛАРНА КЪЕРА ЦА ХИЛЧА ВЕР ВАЦ. ЦХЬАЬННАН А НИЦКЪ КХОЧУР БАЦ ШУН БАКЪДЕРГ ЭШО, НАГАХЬ САННА ШУ ДИНАН НЕКЪА ТIЕРА ДIА ЦА ДОВЛАХЬ.*

*(Кунта-Хьаьжин хьехам)*

## НАЗМА

Вайн Элча Мухьаммад
дин кхайкхо воьлча,
Керстано ницкъ бира боху
Мухьаммад Элчанна.
ТIаккха иза вахара боху
Делерчу омранца
Мединат шахьара
ша хIижрат ва дина.

Маккара Iер-дахар
керстано дохийна,
Асхьабаш хIижрат деш
Мединате ма бахара.
Iусману зуннурайн
Iалиййул муртаза
Берриге а асхьабаша буьйсанна
хIижрат дира.

Iумаруль ва фарукъ
Маккеха ша волуш,
Шен духар дуьйхина
герзащца кечвелла,
Баттара даьккхина,
тур белше диллина,
Мохь бетта велира боху
ХатIабан воI Iумар.

ЛадогIалаш шега,
Маккара кура элий,
Ша вуьйцуш хезний шуна?
Ша Iумар ву шуна!
Мединатан цу новкъа

ша волуш ву шуна,
Элчанна тIаьхьа
ша хIижрат деш ву шуна.

Шайн зударий мар воцуш
бисса ша лууриг,
Шайн бераш дай боцуш
байлахь ша дуьтуриг
Мединатан цу новкъа шена
дуьхьал вогIур ву,
Мохь тухуш вистхилира
ХатIабан воI Iумар.

Цхьа а да ца вахара
Iумарна ша дуьхьал,
Мединате боьду некъ
ша марша белира боху.
Iумарул ва фарукъ
хIижрат деш ма вахара
Элчанна тIаьхьа
Мединат шахьара.

Хьо Далла везийла,
ХатIабан воI Iумар,
Сийлахьчу Элчанна
хьо везаш ма хилла.
Ахь ийман диллича,
вайн Элча вилхина,
Малийкаш делхийра ахь,
ХатIабан воI Iумар.

***Хайдарханов Ризван***

## КЪИЛБАСЕДА КАВКАЗАН ФЕДЕРАЛЬНИ ОКРУГЕРЧУ РЕСПУБЛИКИЙН IЕЛАМНЕХАН КХЕТАШОНАН КУЬЙГАЛХОЧУН КАДЫРОВ ХОЖ-АХЬМАД-ХЬАЬЖИН МАРХАНАШ ЛАЦАРЦА ДОЬЗНА БУСАЛБА НАХ ДЕКЪАЛБАР



ТIекхечи АллахIа бусалба нахана совгIат деш баийтина мархийн бутт. Иза Дала вай зен баийтина цхьа мур бу. Де дехачу хенахь, йоькхана а, йочана а ца лоьруш, марха а багахь, мацаллина кийра а къуьйлуш, хьогаллина са а детташ, Шена хьастадаларца, Ша резаван вай мел кийча ду хьожуш баийтина бутт бу хIара. ХIокху баттахь бусалба наха Далла Iибадат дар, сагIанаш дахар алсамдаьккхина хир ду. Иштта жамIатехь Дела хьехорца, Цо тIе дехкина фарзаш кхочуш дарца, вайн сийлахьчу Пайхамаран – Мухьаммадан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) суннаташ кхочушдарца бусалба нехан ойланаш кхин а цIанло, вовшашка йолу уьйр-марзо алсамйолу, иза Далла гергахь сийлахь дерг а, Цунна дезнарг а ду.

Вайн Пайхамаран хьадис ма ду «Мархийн беттан дазалла шайна хиъча, динна шарахь и хилийтар доьхур ма дара бусалба наха», аьлла. Вай иштт ачу цIенчу ойланца хила деза, иза вайна тIехь а ду.

Бакъдерг ду иза, шен сица ийман долуш волчу стагана, оцу баттачохь марханаш кхобуш, Iамал-Iибадате вирзина, шен дегIан шайтIа эшийна волу стаг бIаьрга вайча, цуьнца къамеле ца ваьлча а хаало, цуьнан юьхь-аматех бIаьрг ма-кхийтти, иза оцу некъехь нисвелла хилар, Далла гергахь цIена хилар.

Кхоьллинчу Дала могашалла а, ийман а лойла вайна хIокху беттан дан ма деззара сий дан, и деза марханаш кхаба, оцу беттан еза хенаш ларъеш Iамал-Iибадат дан! Амин!

## СОБЛЮДЕНИЕ ПОСТА В МЕСЯЦЕ РАМАДАН – ОБЯЗАННОСТЬ ВЕРУЮЩЕГО

Основными доводами обязательности соблюдения поста являются аят священного Корана и два хадиса Посланника Аллаха (мир ему и благословение). Всевышний говорит (смысл): «Месяц Рамадан, в котором ниспослан был Коран, будучи руководством для людей и как разъяснение прямого пути и различения между истиной и ложью… Тот же, кто застанет из вас Рамадан, пусть соблюдает пост...» (сура «Аль-Бакара», аят I85).

В изречении Посланника Аллаха (мир ему и благословение), переданном Ибн Умаром (да будет доволен им Аллах), говорится: «Ислам основывается на пяти столпах: свидетельстве, что нет никого и ничего достойного поклонения кроме Всевышнего Аллаха; совершении обязательной пятикратной молитвы; выплачивании закята; совершении паломничества в Мекку; соблюдении поста в месяце Рамадан» («Сахих аль-Бухари», № 8; «Сахих Муслим», № I6).

Есть хадис, в котором рассказывается, как к Посланнику Аллаха (мир ему и благословение) подошёл некий бедуин и спросил: «Скажи мне, какой пост Всевышний предписал мне?», на что Пророк (мир ему и благословение) ответил: «Соблюдение поста в месяце Рамадан» («Сахих аль-Бухари», № I792; «Сахих Муслим», № II).

*(Продолжение на стр.2)*

## ЗУЬКАРАН А, ШОВКЪАН А ХЬОЛАХ, МЕХАЛЛАХ, МУРДИЙН ОЙЛАНЕХ...

**(ТIейогIучу лоьмарехь деша)**

МитаевгIеран (Эвтарарчу Iовдин) мурд волчу сан вашас Жимчу АтагIарчу Заурбеков Сайд-Эмис (Дала декъалвойла иза) дуьйцура, советан заманахь цкъа ша теш хилларг. ХIетахь Соьлжа-ГIаларчу «Южная» автостанцехь диспетчеран болх беш вара иза.

Цхьамма кхайкхина араваьккхира ша, автобусаш дIасайоьлхучу майдана. Шен бIаьргашна гучух цец а ваьлла, ца тешаш висира. Гонаха хIиттина нах а болуш, шовкъе хилла зуькар деш вара гIеметтахIоттаран зилал тIехъиккхина волу стаг.

Гулбеллачех цхьаьннан карахь цу стеган куй а бара.

«Автовокзалан белхахошна хаьара со Iовдин вирдехь вуй, цундела кхайкхинера цара соьга, – дуьйцура Сайд-Эмис, – цкъа хьалха салават дилларца, тIаккха дехарщца и меттавалон гIертара со, кхузахь иштта зуькар дар могуьйтур дац бохуш. И меттавеанчул тIаьхьа, нах болчуьра дехьа а ваьккхина, хьаттира ас цуьнга, хIун дара и сел шовкъе винарг. Автобус тIехь яздина «Эвтара» аьлла йоза дешча, са ца тохаделира шега элира цо».

Цу стеган цIе а, и муьлхачу юьртара хилла а ца хаьа суна, халахеташ делахь а, амма Дела вац аьлла, чIагIделлачу Iедалехьара шена бохам хир бара аьлла а, ша нахана юкъахь вара аьлла а, шен синхаамаш юха ца берзош, зуькаран марзонан шовкъехь и хилла хилар хаьа.

ТIаьхьенан ойла ечохь ца хилла иза, цуьнан ерриге а ойла дIалаьцнарг Деле а, Элчане (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) а, шен Устазе – Эвтарарчу Шайхе а – болу безам хилла.

***Заурбеков Масуд***

**IАБДУЛ-ВАХIАБ-ХЬАЬЖИН ЗЕРАТ** – къуб а, каш а иза ваьхначу юьртахь Аксайхь ду (Таьшкичу), Дагестан Республика.

Накъшбандин тIарикъатехь хилла. Бешир-Шайха совгIатна шен оба елла хилла Iабдул-ВахIаб-Хьаьжина.

Герггарчу хьесапехь I854-чу шарахь дуьненчу ваьлла.

I929-чу шарера I934-чу шаре кхаччалц Архангельски губернехь ссылкехь Iийна Iабдул-ВахIаб-Хьаьжа.

I937-чу шарахь юха а лаьцна волчу цунна I938-чу шарахь тоьпаш тоьхна Соьлжа-ГIалахь.

Дала вайна шапаIатан да войла цунах!



## ТАХАНА ЛОЬМАРЕХЬ


**2-гIа агIо**

**Соблюдение поста в месяце Рамадан – Обязанность верующего**

«– Целенаправленный приём внутрь любой пищи, будь то еды или напитки, какой бы малой она ни была. Но если съел или выпил что-либо, забыв, что постишься, даже если досыта, пост не нарушается...»

**3-гIа агIо**

**Муса-пайхамарх лаьцна**

«Муса-пайхамара (Делера салам хуьлда цунна) ФиргIавн а, Мисарара бахархой а Дела цхьаъ варе кхайкхина. Бакъду, ФиргIавна къобал ца бина цуьнан кхайкхам, цо деанарг бозбуанчалла ду, аьлла цо. Цул тIаьхьа цо омра дина, Мусана (Делера салам хуьлда цунна) дуьхьалбаха Мисарахь мел болу саьхьарлончаш гулбе, аьлла...»

**4-гIа агIо**

**Воздвигая науку Аллаха…**

«Сегодня наша республика развивается достаточно быстрыми темпами. Идет восстановление, строятся объекты всех направлений, в том числе и образовательные учреждения. Что касается религиозного образования, то у нас открыт Исламский университет им. Кунта-хаджи Кишиева и вместе с ним открыты медресе в разных районах республики...»


Лараме газетдешархой! ХIокху газет тIехь язйина АллахIан еза цIерш а, Къуръанан аяташ а ду. Газетан редакцино дехар до хIара газет лардеш лелор, миччанхьа а охьацакххиссар

№ 11 (364)
Исламан зІаьнарш
أشعة الإسلام
Республиканская религиозно-просветительская газета «Зори Ислама»

## НАХА ХОЬТТУ – ХОЖ-АХЬМАД-ХЬАЬЖАС ЖОЬПАШ ЛО

**Фарз-мархийн бутт маса шо кхаьччахьана кхаба безаш бу?**

Пхийттара ваьллачу стагана тIехь ду мархийн бутт кхабар, шовзткъара ваьллачунна санна. Цул хьалха хила мега я ца мега бохуш, хIуманаш а хуьлу дуьйцуш. Иза бер кхиаре хьаьжжина ду. Вайн мехкан хенахIоттаме диллича, пхийтта шо кхаьчча нислуш ду иза. Дала и бутт кхаба а, лера а паргIато, хьуьнар, синкхетам, ийман лойла вайна!

**Зуда доьзалхочух хилча, цунна марханаш кхабар тIехь ду я дац?**

Жоп: Мелан марханаш кхаба доьзалхочух йолчу зудчунна бехкам бац, фарз мархийн бутт хилча, беа баттал тIехваьлла доьзалхо кийрахь велахь, оцу бехкамах хьалха юьту и зуда, хIунда аьлча, беа баттал тIехваьллачу доьзалхочунна чу са кхуллуш ду, цунна хуьлуш болу кхача нанас биънарг бен бац, цундела и эшаме ца хилийта Дала елла бакъо ю иза. Шо дуьхьал хIоттале, цо доьккхуш кхабахь, каффарат хьарчар доцуш декхало, шо даьллачул тIаьхьа кхабахь, хIора доьккхуш кхобучу мархин цIарах цхьацца кана ялта каффаратна а луш кхаба деза.

**Ши шо кхачаза а, шо кхачаза а кегий бераш хилча, марха кхабар а, ламаз дар а тIехь дуй?**

Беран кхиар кийрахь долчу хенахь нанас буучу кхачанца ду, дуьнен чу даьллачул тIаьхьа ненан шурица ду. Оцу заманахь берана зен ца хилийта Дала зударшна бакъо елла марханаш ца кхаба, кхано бер доккха хилча, доьккхуш кхаба деза уьш. Ткъа, ламаз бер жима делахь а, тIера долуьйтуш дац, ламаз дита бакъо ца елла вайна.

**Мелан марха я фарз марха кхобуш йолчу зудчо шен бер дузийча, марха духий цуьнан?**

Муьлхха а марха кхобуш хиларх, доьзалхо вузийча, марха духуш дац, цунах хила новкъарло яц.

**Марха маьркIажа-ламаз дале хьалха даста мегар дуй? Цхьаболчара ламаз диний бен ца досту, вукхара марха хьалхадастар гIоле ю олий, жимма хIума а кхоллий, ламаз дой, тIаккха кхидIа а хIума юу. Нийса муьлха ду бохуш хоьтту.**

Элчано (IалайхIис-солат ва-ссалам) аьлла: «Хуьлийла хьан дегI, хьан са кхача баарехь маьрша долуш, ма хуьлийла хьан дегI ламазехь, хьан са кхача бааре сатуьйсуш а долуш». Дукха чулацаме дешнаш ду уьш. Марха кхобуш волу стаг сарралц хих хьаьгна, юуче сатесна, дегI малделла а волуш «сайн хенна ламаз до ас» аьлла, ламаз дан хIуттучул, малахь хи а мелла, кIеззиг хIума кхаьллина, шен дегIана жимма паргIато а йина, ойла Далла тIе йоьдучу кепара ламаз дан хIоттар мелехь ду.

# СОБЛЮДЕНИЕ ПОСТА В МЕСЯЦЕ РАМАДАН – ОБЯЗАННОСТЬ ВЕРУЮЩЕГО

**Соблюдение поста в месяце Рамадан было предписано в месяце Шаабан, во втором году Хиджры. Само же явление поста имело место быть и до Ислама, он был предписан Всевышним и предыдущим народам.**

**Всевышний Аллах сказал (смысл): «О те, которые уверовали! Предписал Аллах и вам пост, подобно тому, как велел его соблюдать и тем народам, которые жили до вас. Соблюдая его, вы станете богобоязненными» (сура «Аль-Бакара», аят I83).**

**Отличительной чертой в соблюдении обязательного поста между мусульманами и былыми общинами является то, что мусульманам предписано его соблюдение именно в месяце Рамадан.**

*(Продолжение. Начало на стр.I)*

### УСЛОВИЯ ОБЯЗАТЕЛЬНОСТИ ПОСТА

Чтобы соблюдение поста было обязательным, необходимо наличие трёх условий:

– Ислам. Т.е. соблюдать пост в месяце Рамадан обязан только мусульманин. Немусульманин не обязан поститься, т. е. на этом свете с него ни имам, ни кто-либо другой не вправе требовать соблюдения поста. Однако немусульмане будут отчитываться в Судный день не только за неверие, но и за несоблюдение предписаний, в том числе и поста.

– Таклиф. Таклифом называется наличие в мусульманине следующих качеств: совершеннолетие и рассудок. Сам мусульманин, который подпадает под эту категорию, называется мукалляфом. Т. е. поститься обязательно только совершеннолетнему мусульманину, достигшему половой зрелости. Посланник Аллаха (мир ему и благословение) сказал: «Троим не записываются грехи: I) спящему, пока он не проснётся, 2) ребёнку, пока не станет совершеннолетним, 3) сумасшедшему, пока не поправится» («Сунану Аби Давуда», № 4403).

– Отсутствие обоснованной по Шариату причины, препятствующей поститься или разрешающей разговляться.

### ПРИЧИН, ПРЕПЯТСТВУЮЩИХ СОБЛЮДЕНИЮ ПОСТА, ДВЕ:

– Наступление месячных или послеродовых выделений у женщин.

– Потеря сознания или потеря рассудка в течение всего дневного времени (т. е. со времени утренней молитвы до времени вечерней молитвы). Если потерявший сознание или сумасшедший придёт в себя даже на миг в течение светового промежутка дня, он обязан с этого момента поститься до конца дня.

### ПРИЧИН, РАЗРЕШАЮЩИХ НЕ СОБЛЮДАТЬ ПОСТ, ТРИ:

– Болезнь, при которой соблюдение поста наносит вред организму или доставляет сильную боль и недомогание. А если болезнь или боль будут настолько тяжёлыми, что будет вероятность угрозы жизни, – такому человеку вменяется в обязанность отпустить пост!

– Дальнее путешествие. Дальним путешествие считается, если расстояние пути достигает 8I,5 километров. Кроме того, чтобы путнику дозволялось не соблюдать пост, необходимо, чтобы путешествие было дозволенным и продолжалось до конца дня. Тому, кто ещё дома начал соблюдать пост, а затем в течение дня отправился в путь, не разрешается разговляться, т. е. прерывать пост.

Основанием для вышеизложенных двух причин, разрешающих не поститься, служит аят Корана, в котором говорится (смысл): «… тот же, кто болен или в пути, пусть восполнит пост в другие дни…» (сура «Аль-Бакара», аят I85).

– Бессилие. Тому, кто не в состоянии поститься из-за преклонного возраста или хронической болезни, например, язвы желудка, разрешено разговляться. Поститься обязательно тем, кто физически в состоянии делать это. Поскольку в Коране сказано (смысл): «Тем же, кто в состоянии поститься лишь с неимоверной тягостью, следует накормить бедняка» (сура «Аль-Бакара», аят I84).

Ибн Аббас (да будет доволен им Аллах), комментируя этот аят, сказал, что речь идёт о людях преклонного возраста, которые не в состоянии поститься и которые вместо каждого пропущенного поста должны накормить одного бедняка (одним муддом (600 граммов) основного продукта питания данной местности) («Сахих аль-Бухари», № 4235).

В эту же категорию входят беременные и кормящие матери. Если соблюдение поста может нанести вред беременной женщине или зародышу или соблюдение поста может отразиться на грудном ребёнке, так что у роженицы может не хватать молока для ребёнка, разрешено разговляться, т. е. не поститься. Однако, если беременная или кормящая мать не соблюдает пост только из опасения нанести вред зародышу или грудному ребёнку, помимо возмещения пропущенных постов ей ещё вменяется в обязанность выплатить 600 граммов пищи в пользу бедняков за каждый пропущенный пост.

### СОСТАВЛЯЮЩИЕ ЧАСТИ ПОСТА (АРКАНЫ)

Пост состоит из двух основных составляющих, при соблюдении которых он считается действительным: намерение и воздержание от всего, что нарушает пост (муфаттырат), в промежутке времени от наступления утренней молитвы до наступления вечерней молитвы.

В свою очередь намерение тоже состоит из трёх составляющих, без соблюдения которых оно считается недействительным:

Намерение – это твёрдое решение совершить что-нибудь. Чтобы наше благое деяние засчиталось, достаточно, чтобы намерение было в сердце, но желательно, чтобы мы его ещё и произносили вслух. А простое произнесение слов, без цели совершить что-либо, не считается намерением. Обязательность намерения обусловливается следующим хадисом Пророка Мухаммада (мир ему и благословение): «Деяния принимаются и оцениваются по их намерению…» («Сахих аль-Бухари», № I; «Сахих Муслим», № I907).

### ЕСЛИ НАМЕРЕНИЕ СВЯЗАНО С СОБЛЮДЕНИЕМ ПОСТА В МЕСЯЦЕ РАМАДАН, ТО НЕОБХОДИМО СОБЛЮДАТЬ СЛЕДУЮЩЕЕ:

– Намерение о соблюдении поста должно быть представлено до наступления времени поста, а именно до наступления времени утренней молитвы. Если намерение будет представлено после наступления времени утренней молитвы, то оно считается недействительным, следовательно, и пост не зачитывается. Ибо Пророк (мир ему и благословение) сказал: «Пост того, кто не вознамерится соблюдать его до наступления времени утренней молитвы, недействителен» («Сунан ад-дарукутни», № 2/I72; «аль-Байхаки», № 4/202).

– Определение вида поста, т. е. какой именно пост человек собирается соблюдать: пост месяца Рамадан этого года, возмещаемый за прошлые года и т.д. Если просто вознамериться поститься, но без чёткого определения, то такое намерение недействительно. Поскольку в изречении Пророка Мухаммада (мир ему и благословение) сказано: «Деяния принимаются и оцениваются по их намерению, и каждому человеку будет зачтено то, на что именно он намерился...» («Сахих аль-Бухари», № I; «Сахих Муслим», № I907).

– Возобновление намерения для каждого поста. Чтобы пост был действительным, необходимо каждый день до наступления времени утренней молитвы представлять намерение соблюдать пост на текущий день. Одного общего намерения на весь месяц недостаточно, поскольку каждый пост, хоть он и повторяется ежедневно, считается отдельным богослужением. И как было сказано выше в хадисе, каждое поклонение нуждается в намерении.

Образец формулировки намерения для обязательного поста в месяце Рамадан: «Я намерен завтра соблюсти обязательный пост месяца Рамадан этого года ради Всевышнего Аллаха».

### ДЕЙСТВИЯ, НАРУШАЮЩИЕ ПОСТ

Вторым составляющей (рукну) поста, без соблюдения которой он будет недействительным, является отказ от всего, что нарушают пост. Всего их семь:

– Целенаправленный приём внутрь любой пищи, будь то еды или напитки, какой бы малой она ни была. Но если съел или выпил что-либо, забыв, что постишься, даже если досыта, пост не нарушается. Ибо Посланник Аллаха (мир ему и благословение) сказал: «Кто съест или выпьет что-либо, забыв, что он соблюдает пост, пусть продолжает поститься, поистине его накормил и напоил Аллах» («Сахих аль-Бухари», № I83I; «Сахих Муслим», № II55).

– Проникновение во внутрь организма чего-нибудь через естественное (физиологическое) отверстие человека. Т.е., чего-нибудь, что можно увидеть невооружённым глазом, а под естественным отверстием подразумевается рот, нос, уши, половые органы и задний проход. Нарушение поста посредством проникновения чего-либо через рот считается только тогда, когда физическое тело (т.е. что-либо съедаемое) пройдёт за предел глотки, а именно за границу места возникновения звука «хIа», а в нос – если физическое тело пройдёт за границу гайморовых пазух. Проникновение любого физического тела в вышеупомянутые естественные отверстия нарушает пост. К примеру, капли в нос нарушают пост, а капли в глаза не нарушают, поскольку там нет полости. Клизма тоже нарушает пост, поскольку физическое тело проникает в полость, а укол, будь он внутримышечный или внутривенный, не нарушает пост. Однако некоторые богословы, которые утверждают, что если человек не по болезни, а просто для комфортного соблюдения поста ставит капельницы с глюкозой, – пост недействителен! Всё это нарушает пост только тогда, когда введение чего-либо было осознанным. К примеру, если постящийся забыл, что соблюдает пост, и прочистит ушные каналы ватными палочками, пост не нарушается, так же, как он не нарушается, если выпить или съесть что-нибудь по забывчивости. Проникновение в брюшную полость через рот пыли и ей подобного тоже не нарушает пост, потому что остеречься от подобного крайне затруднительно. Глотание собственной слюны тоже не нарушает пост. А у того, кто проглотит слюну, с которой смешалось ещё что-нибудь, например кровь из дёсен, пост нарушается, даже если прошло время, и слюна вновь приобрела свой естественный цвет. А чтобы пост не нарушился, надо прополоскать рот чистой водой и удалить её всю без остатка, чтобы ни одна капля воды, смешанной с кровью, не прошла за границу глотки. Аналогично и во время чистки зубов надо быть предельно осторожным, чтобы не проглотить ни воду, ни пасту, а иначе пост нарушится. Относительно желательных действий во время омовения, таких как полоскание рта и чистки носовой полости (мадмадат и истиншак), то проникновение воды не нарушает поста только при условии, что совершающий молитвенное омовение не усердствовал в их полоскании, в противном случае пост нарушается, поскольку он совершает то, что не рекомендовано делать постящемуся. Если у постящегося между зубами остались остатки пищи и их не удаётся извлечь, то после непреднамеренного их попадания в брюшную полость пост не нарушается, а если есть возможность очистить ротовую полость, в частности между зубами, от остатков пищи и постящийся не сделает этого, его пост нарушится. Пост не нарушается, если человека вынудили, например, под угрозой расправы, съесть или выпить что-либо.

– Третья причина, по которой нарушается пост, – это осознанное вызывание рвоты, даже если ни капли из рвотной массы не проникнет обратно в пищевод и желудок! В хадисе, переданном Абу Хурайрой (да будет доволен им Аллах), говорится: «Тому, кто непроизвольно вырвет во время поста, нет необходимости возмещать его (т. е. пост не нарушается). А тот, кто сам вызовет рвоту, пусть возмещает пост» («Сунану Аби Давуда», № 2380; «Сунану ат-Тирмизи», № 720).

– Осознанно совершённый половой акт. Половое сношение нарушает пост, даже если не было семяизвержения. Ибо Всевышний сказал (смысл): «… ешьте и пейте до наступления времени утренней молитвы, а с этого момента соблюдайте пост до наступления времени вечерней молитвы и не совокупляйтесь во время поста» (сура «Аль-Бакара», аят I87).

Половой акт, совершённый по забывчивости, тоже не нарушает пост. Тот, кто осквернил месяц Рамадан, прервав пост половым актом, должен не только воздержаться от еды, питья и всего остального, что нарушает пост, до захода солнца, но и возместить этот пост после месяца Рамадан. Кроме того, он ещё должен в качестве штрафа поститься два месяца подряд, а если физически не в состоянии сделать это, то накормить 60 бедняков.

– Семяизвержение, произошедшее в результате возбуждения от поцелуя супруги и т. п., а также в результате мастурбации, нарушает пост. Тому, кто боится возбудиться от поцелуя, грешно делать это, поскольку этим действием постящийся подвергает угрозе обязательный пост. А тому, кто уверен в себе, поцелуй нежелателен, т.е не является запрещённым. Свидетельством тому служит хадис, переданный Айшей (да будет доволен им Аллах): «Посланник Аллаха (мир ему и благословение) целовал меня, будучи постящимся. Кто же из вас владеет своими желаниями так же, как владел ими Посланник Аллаха (мир ему и благословение)?» («Сахих Муслим», № II06).

Богословы, комментируя слова Айши (да будет доволен им Аллах), сказали, что смысл её слов заключается в том, что хоть поцелуй и не нарушает пост, его следует остерегаться, потому что это может послужить причиной семяизвержения или сильного возбуждения, с которым мы не сможем совладать, в отличии от Посланник Аллаха (мир ему и благословение).

– Месячные и послеродовые выделения. Их наступление тоже нарушает пост, даже если их продолжительность будет недолгой. И, конечно же, пропущенные посты по причине их наступления надо возмещать.

– Потеря рассудка или, да убережёт нас от этого Всевышний, вероотступничество тоже нарушают пост.

Каждому постящемуся необходимо остерегаться всех вышеперечисленных семи причин, в противном случае пост нарушится и будет недействительным. Пост того, кто совершит что-либо из вышеперечисленного, предполагая, что время утренней молитвы ещё не наступило, а в действительности оно уже наступило и это каким-то образом выяснится, – нарушается, но вместе с этим этот человек обязан воздерживаться от всего, что нарушает пост, до конца дня, проявляя уважение к месяцу Рамадан. Аналогично и в том случае, когда постящийся разговелся, предполагая, что время вечерней молитвы уже наступило, а как оказалось – нет, его пост нарушается, и ему необходимо возместить этот пост.

***(Исламский информационный портал islam.ru).***
***Подготовил к печати***
***С. Муртазае***

№ 11 (364)
Исламан зIаьнарш
أشعة الإسلام
Республиканская религиозно-просветительская газета «Зори Ислама»
Дала бакъо толайойла! Кадыров А.-Х.



# МУСА-ПАЙХАМАРХ ЛАЬЦНА

## (Делера салам хуьлда цунна)

*(Чаккхе. Юьхь еша I0-чу лоьмарехь)*

Мусана (Делера салам хуьлда цунна) Дала билгалонаш елла, и пайхамар хиларна тоьшалла деш йолу. Веза-Сийлахьчу Дала аьлла: «И хIун ю хьан аьтту куьйгахь ерг, хIай Муса?» Цо (Мусас) элира: «И сан Iаса ю, со цунна тIетевжа, ас цуьнца сайн жана гIаш дегадо, суна цуьнгахь кхин пайданаш а бу». Цо (Дала) элира: «Охьатаса и, хIай Муса!» Цо и охьатесира, цунах чехка текхаш текхарг хилира». Дала аьлла: «Схьаэца и, ма кхера! Шен хьалхалеррачу куьце ерзор ю и Оха. Хьайн куьг хьайн агIонна тIетаIаде – кIайделла схьадер ду иза, цхьа зен а доцуш – кхин делил ду хьуна!»

**(«ТIахIа», I7-22)**

Муса-пайхамара (Делера салам хуьлда цунна) ФирIавн а, Мисарара бахархой а Дела цхьаъваре кхайкхина. Бакъду, ФирIавна къобал ца бина цуьнан кхайкхам, цо деанарг бозбуанчалла ду, аьлла цо. Цул тIаьхьа цо омра дина, Мусана (Делера салам хуьлда цунна) дуьхьалбаха Мисарахь мел болу саьхьарлончаш гулбе, аьлла. Цхьана дийнахь йоккхачу майданахь гулбелла нах. ФирIавнан саьхьарлончаша шайн Iасанаш, чуханаш а охьатесча, нахана моьттина царах текхаргаш хилла. Дала Мусана (Делера салам хуьлда цунна) дагатесна, хьайн карара Iаса охьатаса, аьлла. Цо и охьатесча, цунах йоккха текхарг хилла, цо церан кегий текхаргаш йиъна. И тамашийна болх шайна гича, саьхьарлончаша ийман диллина. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Саьхьарлончаш суждане охьаийгира. Цара элира: «Оха ийман дилли ХIарунан а, Мусан а Деле».

**(«ТIахIа», 70)**

Шегара пурба а доцуш ийман диллина аьлла, ФирIавна уьш ирхъохка сацам бина. Цул тIаьхьа Везчу Дала шен пайхамаре Мусага (Делера салам хуьлда цунна) омра дина, Исраилан доьзалш эций буьйсана Мисарара аравала, аьлла. Iуьйрана ФирIавн шен эскарца тIаьхьаваьлла царна. Муса-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна) шен къомаца хIорда йисте кхаьчча, Исраилан доьзалш кхерабелла ФирIавн шайна тIекхиарна. Везчу Дала Мусага (Делера салам хуьлда цунна) омра дина, хьайн Iаса хIордах тоха, аьлла. Цо хIордах Iаса тоьхча, Дала хIорд бекъабалийтина царна. Исраилан доьзалш хIордах дехьабовлуш гича, ФирIавн шен эскарца тIаьхьаваьлла царна. Муса а (Делера салам хуьлда цунна), цуьнца цхьаьнаберш а дехьабевлча, Дала хIорд тIеттIабахийтина, ФирIавн а, цуьнан эскар а хIаллакдина. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Оха хIорд бийкъира Исраилан доьзалшна. ФирIавн а, цуьнан эскар а тIаьхьаделира царна зуламций, мостагIаллиций. Ша хIорда бухаваха воьлча, цо (ФирIавна) элира: «Со тийши кхин Дела цахиларх, Шех Исраилан доьзалш тешнарг бен, со муьтIахь болчарах (бусулба нахах) ву-кх». Дала цуьнга аьлла тIаккха: «ХIинца (ийман дуьллу ахь)? Хьалха-м Iеса хилира хьо, бохамаш бечарах а ма вара хьо! Тахана Оха кIелхьарйоккхур ю хьан дегIан чарх, хьол тIаьхьа богIучарна хьо масал хилийтархьама. Баккъал а, нахах дукхахберш Тхан аятех гIопал хилла ма бу».

**(«Юнус», 90-92)**

Муса-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна) Исраилан доьзалшца хIордах дехьаваьлча, жIарашна Iибадат дечу нахана тIекхаьчна уьш. Исраилан доьзалша Мусага (Делера салам хуьлда цунна) дехар дина, цара санна Iибадат дан шайна дела вехьа, аьлла. Муса-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна) царна оьгIазвахана, цо царна хьехам бина, АллахI воцчунна Iибадат дан мегаш дац, аьлла. Цо царна дагадаийтина, Дала уьш Iилманца а, шарIаца а, царна юкъара элча ваийтарца а шайн заманахь долчу Iаламал базбина хилар. Цул сов, ФирIавнах кIелхьарбахарца, церан бIаьргашна а гуш и хIаллакварца а, церан бахамах ирс эцийтарца а Дала царна дика дина хилар дийцина цо царна. Веза-Сийлахьчу Дала Муса-пайхамаре (Делера салам хуьлда цунна) чIагIо йина, шовзткъа де даьллачул тIаьхьа ТIур олучу лома тIехь Ша цуьнга жайна (Товрат) лур ду, аьлла. Шен ваша ХIарун (Делера салам хуьлда цунна) Исраилан доьзалшна тIехь Iуналла дан а витина, Муса (Делера салам хуьлда цунна) Делаца къамел дан вахча, Самирий бохучу стага шайгахь долу дети а, деши а лалийна, цунах эса дина, шена чухула мох бахча, дека а декаш. Цунна Iибадат дан буьйлабелла уьш. Муса (Делера салам хуьлда цунна) ломана тIекхаьчча, Дала цуьнга хаьттина, хьайн къам дитина, сихвелла хIунда веана хьо, аьлла. Мусас (Делера салам хуьлда цунна) жоп делла, уьш шен лорах тIаьхьабогIуш бу, Хьо резавархьама сихвелира со Хьуна тIекхача, аьлла. ТIаккха Дала цунна дийцина, Исраилан доьзалш эсана Iибадат деш тилабелла хилар. Муса-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна) сихонца шен къоме юхавахана, тиларх уьш хьалхабахархьама. Шен бIаьргашна уьш эсана Iибадат деш гича, оьгIазвахана, шен аьрру куьйгаца ХIарунан (Делера салам хуьлда цунна) маж лаьцна, аьтту куьйгаца цуьнан коьртан месаш а лаьцна, иза текхон волавелла и. Бакъду, ХIаруна (Делера салам хуьлда цунна) дийцина цунна, эсана Iибадат ма де аьлла ша хьехам бича, царах цхьаболчара бен и къобал ца бира, тIаккха Исраилан доьзалшна юккъехь питана даларх, уьш бекъабаларх а кхеравелла, сецира ша, аьлла. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Цо (Мусас) элира: «Сан Дела! Гечдехьа суна а, сан вешина а, Хьайн къинхетамна чу а дигахь тхо. Хьо ву-кх уггаре а Къинхетаме верг».

**(«Аль-АIраф», I5I)**

Муса-пайхамара (Делера салам хуьлда цунна) Исраилан доьзалша шена Iибадат дина эса лала а дина, хIорда чу кхоьссина. Кхетам болчу нахана хиъна, эсана Iибадат дарца шаьш галдевлла хилар. Цара Мусага (Делера салам хуьлда цунна) дехар дина, шайна гечдар доьхуш Деле доIа дехьа, аьлла. Царна юккъера кхузткъе итт стаг а хаьржина, Муса-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна) Деле царна гечдар деха вахана. Везачу Дала омра дина, шен тоба къобал хила лууш волчо ша-шен дегI ден деза, аьлла. Царах цхьаболчара шайн догIмаш дайъина, тIаккха Дала церан тоба къобалдина.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Мусас шен къоме аьлла хан хьахае: «ХIай сан къам, аша шайна зулам дина, аша эса (Iибадат дан) лацар бахьанехь. Тоба де шаьш Кхоьллинчуьнга, тIаккха шаьш дайа. И дика ду шуна шаьш Кхоьллинчунна гергахь – тIаккха Цо шун тоба къобалдира, баккъал а, И ма ву тоба къобалдийриг а, къинхетаме верг а».

**(«Аль-Бакъарат», 54)**

*(ТIаьхье хир ю)*

***Магомедов С.***

# ДЕЛА РЕЗАВЕШ ХИЛА ХЬО

Мисарарчу Нил-хина йистехула схьавогIуш волу цхьа Iаьрби, хьаг а велла, хи йисте гIоьртина. Хи мала дагахь охьатаьIначу кхунна, хино охьабохьуш цхьа Iаж гина. ДIаккхевдина Iаж схьа а лаьцна, хино охьабохьуш болу Iаж цIена белахь а, дуьззина бисмилла а аьлла, Iаж цIанбен сурт хIоттош, тIехула куьг а хьаькхна, церг тесна, кхаьллина Iаьрбочо. Ша Iаж дIа ма-кхаьлли, дагадеана Iаьрбочунна, хIара Iаж ша къахьегна а боцуш, кхечо цхьаммо къахьоьгуш лелийна хилар. «Дера хIара Iаж ас къахьегна кхиийна ца хилча, хIара суна хьанал-м ма бац. Наха къахьегна, хьакъ ду-кха ас диънарг. Дера веза ас, кху хинна дуьхьал хьала а вахана, хIара Iаж лелош къахьегна да сайна къинтIеравакккха», – аьлла, дагадеана, шегахь бисна Iаж а бохьуш, Iежийн беш лелош къахьегна да волчу схьакхаьчча Iаьрбо. НеI-кор тоьхна, Iежийн беш лелийна да ара а ваьккхина, хIинца ша деана гIуллакх ма-дарра цуьнга дIадийцина кхуо. «Ас кхаьллинчу Iожана къинтIеравалахьара суна», – аьлла, дехар дина Iаж кхаьллинчо.

ХIара, ша къинтIеравакккха веана стаг дукха хьанал, Делах кхоьруш, Далла хьалха цIена стаг хетта, (шен цхьа Iалашо дага а еана) къинтIеравер вац ша, аьлла, дуьхьалваьлла Iожан да. Ахь хIоттийна муьлхха а мах дIалур бара ас аьлла, воьхна хьаьвзина Iаж кхаьллинарг. Iожан да къинтIераволуш ца хилла. Ахь бохху болх, ахь хIоттийначу хене кхаччалц бийр бара ас аьлла а хьаьжна и, бешан да бертавало. КъинтIераволуш ца хилла важа-м. Дукха воьхначу хьоле воьжна Iаж кхаьллинарг. Кхуьнгахь долу хьал гуш-хууш волчу Iожан дас цхьа некъ бийцина, ша къинтIера муха вер ву аьлла.

«Шен цхьа йоI ю, ши ког а боцуш, ши куьг а доцуш, ши бIаьрг а боцуш, ши лерг а доцуш. Цу йоIах ахь хьайна хIусамнана яхь, и йоI ахь йигахь, тIаккха со къинтIеравер ву хьуна», – аьлла Iежийн бешан дас.

Iаж кхаьллинчо дика ойла йина. «Кху дуьнентIе даьлла бер, дуьненахь де-буьйса бен ца доккхуш, леш меттигаш дукха ю. Кхузткъа шаре кхочушберш а бу. БIешаре кхочушберш дукха кIезиг бу. Нагахь кху харц-дуьненахь ас доккху дерг бIе шо делахь а, дукха хан яц, Къемат-дийнахь чаккхе йоцчу хене хьаьжча. Цундела, резахила веза со», – аьлла, сацам бина Iаж кхаьллинчо. Цу тIехь барт а хилла, цIавеана и.

Ши-кхо де даьлча, замой баьхкина кхеран уьйтIа, дийцина цаваллал хаза йоI а ялош. ХIусамда мел дIасахьежарх, и шега йийцина заьIап йоI гуш ца хилла кхунна. ХIусамдас, кхарна юккъехь и шега йийцина заьIап йоI шена ца гича, чIогIа цецваьлла, кху йоIе хаьттина. «ЙоI, хIокху замойша хьуна зуда ялош даьхкина тхо а ма боху соьга. Кху юккъехь хьо цхьаъ бен йоI а ца го суна. Цу къонахчо суна йийцинарг ши ког а боцуш, ши куьг а доцуш, ши бIаьрг а боцуш, ши лерг а доцуш, цхьа заьIап гуьйриг ма яра. Ткъа хьо цхьана а тайпана айпе хIума тIехь доцуш, цIена, туьйранахь йийца а мотт тоьар барий-те аьлла, хаза йоI ма ю. Кху тIехь шун да тила-м ца велла техьа?» – аьлла, хаьттина къонахчо йоIе.

«Тхан да тила ца велла хьуна. Сайна ца оьшучу, гIуллакх доцчу лийза когаш бац сан. Сайн бала боцчу кхийдо куьйгаш а дац сан. Сайна ца оьшучу метте хьежо бIаьргаш а бац сан. Сайна ца оьшучуьнга ладегIа лерташ а дац сан. Тхан дас дукха лерина, Дала шех бехк боккхур болчу Iесачу хIумнех ларъеш, хьалакхиийна яра со. ХIинца со цхьа бенйоцчу метте дIаяла ца лууш, хIинца хьо санна, Делах кхоьруш, цхьана хьаналчу стаге яхийта лууш сецош яра. Тхан дена а, хIинца суна сайна а со харц нисъелла ца хета», – аьлла йоIа.

***ДIаяздинарг –***
***Чанчаев Шамсудди***

# IЕСАЧУ СТАГАХ ДИЙЦАР

Цкъа халифана тIевеана Делах ца тешаш волу Iеса стаг.

– ХIай, халиф! Хьан уггаре а Iилма долчу имамашца къовса а велла, Дела цахилар гучудоккху-кх ас!

Цуьнан кхайкхам тIе ца лаьцча хаза дац-кха аьлла, шен хьехамчех дагаваьлла халиф. Цо Абу Хьанифех дагавала аьлла.

Абу Хьанифа резахилла цу къовсамехь дакъалаца.

Амма цхьа биллам бина цо:

– ХIай, халиф, и къовсам дIаболабале, цхьана юьрта вахана, цигахь долийна долу гIуллакх чекхдаккха пурба ло суна.

Халиф резахилла.

Къовсам боло йиллина хан тIекхаьчна, амма Абу Хьанифа схьакхочуш ца хилла.

Iесачу стеган самукъадаьлла, Абу Хьанифа схьа ца вогIу, цуьнан къовсаме дилла хIума дац аьлла.

Шех дог а диллина, и дIаваха кечвеллачу хенахь схьакхаьчна Абу Хьанифа.

Ша тIаьхьависарна бехкца биллар а дехна, ша хьеваларан бахьана иштта дийцина Абу Хьанифас:

– Со юхавогIуш цхьана хи йисте нисвелира. Цу хих сехьавала цхьа бурам я кема даре хьоьжуш лаьттара со. ЦIеххьана цу хи тIехь, стенгара довлу а ца хууш, аннаш а, хьостамий а, кхин а гIирсаш а гучубевлира. Аннаш ша-шаха вовшахтасадала дуьйлира, жIов ша царна хьостамий детта хIоьттира, и хьостамий шаьш хила дез-деззачу шаьш дIанисдала дуьйлира.

Эххар а, суна хьалха ша-шаха кема хIоьттира, стенгара довлу а ца хууш, гучудевллачу аннех, ша-шаха хилла долу. И гIуллакх дIадерзаллц хьоьжуш латтарна хьевелиркха со.

Iесачу стага вела а велла, аьлла:

– И къамел деш волу хьо хьераваьллачух тера ду! Ша-шаха кема муха дало?! Хьох мила тешар ву?!

Абу Хьанифас жоп делла:

– Гой хьуна, ша-шаха и цхьа кема хилла аьлча а ца теша хьо. И кема ма дац, кху дерриге а жил-Iаламца дуьстича, гIамаран буьртигал а. Амма ахь чIагIдо хIара сила йолу Есалла, хIара жил-Iалам ша-шаха кхолладелла бохуш. Ахь дуьйцург дац тIаккха тамашийна?!

Ойла йина Iесачу стага. ТIаккха аьлла:

– Баккъал а, бакълуьйш ма ву хIара стаг! Кхолладелла ма дац хIара дуьне ша-шаха. ХIара кхоьллинарг Дела ма ву! Дерриге а дуьненан Эла!

***Гочдинарг –***
***Петирова ПетIамат***

# ХЬАЙН ДЕЛЕРА ЛАХА АХЬ ХЬАЙНА МЕЛ

Айхьа деш долу дика хIума цIенчу даггара цхьана АллахIан дуьхьа де, цхьаьнггара а баркалле ма хьежа. ГIайгIане ма хила, сингаттаме ма хила, айхьа цхьана адамна дика динчул тIаьхьа иза хьайна сий доцуш карийча, ахь шега кховдийначу куьйган лерам ца беш карийча, ахь шена дина долчу диканан мах ца хууш хьайна и карийча. Хьайна ял – АллахIера лаха ахь.

Кхачамбацарех цIена волчо боху Шен гергарчу нахах лаьцна: «АллахIера (дуьненахь) комаьршалла а, (эхартахь) И резахилар а лууш бу уьш». Кхин а аьлла массо кхачамбацарх цIена волчо Шен пайхамарех, цара олучух лаьцна: «Со шуьгара цунах ял йоьхуш вац». «Ахь ала: ас шуьгара йоьху ял – шуна (дIалуш) ю-кх (ас) иза». «Оха шуна кхáча балар, юург ялар – АллахIан дуьхьа ду; шуьгара (диканца) бекхам а, баркалла а ца деза тхуна».

Цундела, Шá Цхьаъ волчу цхьана АллахIаца лелае ахь хьайн юкъаметтиг, бакъдолуш, И ву хьуна мéл хуьлуьйтург а, массо хIума луш верг а, диканаш деш верг а, таIзар дийриг а, хьесап дийриг а, резахуьлург а, оьгIазвоьдург а, массо кхачамбацарх ЦIена верг а, Лекха верг а!

Кандагарехь гIазотехь кхелхина хилла бусалба нах, тIаккха Iумара хаьттина асхьабашка: «Муьлш бу кхелхинарш?». Асхьабаша цхьацца цIерш йийцина цунна, тIаккха: «Хьуна бевзаш боцу нах а бу» –аьлла цара. Iумаран бIаьргех хи даьлла, цо аьлла тIаккха: «Делахь а, АллахIана бевза уьш!».

Цхьана дикачу стага уггаре а дикачух кхача белла хилла цхьана бIаьрзечунна. Цуьнан чуьрачу наха аьлла цуьнга: «БIаьрзе ма ву и стаг, цунна шá хIун юу а ма ца хаьа». ТIаккха цу дикачу стага аьлла: «Делахь а, АллахIана ма хаьа иза!».

АллахIана хьо гуш хилча, ахь дина дика а, ахь йина дика Iамал а, хьан комаьршалла а Цунна евзаш хилча, нахе ладегIа а, цаьргарчу баркалле хьежа а ца оьшу хьуна!

***Iаид аль-Къарний***

# ЦАТЕШАРШ КIЕЛБИСАР

*(Дела, хьуна хастам бу-кх…)*

Цул тIаьхьа Мухьаммаде,
Абу-ТIалиба элира:
«Боху соьга хьо сацаве.
Дохковоккхур ву элира.

ХIетахь дуьйна ву со холчохь,
Сан а, хьайн а ойла ехьа.
Сан дIабахьа ницкъ боцу мохь
Суна тIе ахь ма биллахьа».

ТIаккха цунах ша дог лозуш,
Хилар цунна хаийтира.
Мухьаммада велха а воьлхуш,
Абу-ТIалибе элира:

«Суна хьо мел дукхавеза,
Ас хьо ларар хаьа хьуна.
Делан омра ду-кха деза,
И кхочуш дар тIехь ду суна.

ВаллахIи, хIун а хьаъа аларх,
Цул тIаьхьа со лийриг хиларх,
Делан дин дIахIоттадаллалц,
Делан болх ас буьтур ма бац».

Оцу балхо хьере вина,
Мухьаммад дIаваха воьлча,
Доггах мара и воьллина,
Цо хьаьстира Делан Элча:

«Суна а хьо дукхавеза.
Хьо саннарг кхин хир ма вац Элча.
ДегIан са хиларна мерза,
Дуьнено хIоттаво холчу.

Ахь хьайна хетариг дийца.
Ас цкъа а дIатосур вац хьо.
Ас бахац хьоьга дин хийца,
Хьо бакъ хилар хууш ву со».

Делан Элчано бохура:
«ГIуллакх де цхьаъ волчу Далла».
Делера омра ду олура,
Халкъана фарз хилла даьлла.

Харц Iамалъяр дита бохуш,
Ша сийсазвар тергал ца деш,
ВогIура и хало Iуьйшуш,
Нийсо толо кхайкхамаш беш.

Дин доцчеран мостагIалла,
Цуьнца кхин а чIагIделлера.
Хьолах буьзна болчу наха,
Мухьаммадца хьагI лаьцнера.

Делера къинхетам, маршо,
Цу Делан Элчанна хуьлда.
Исламан дин дезар, марзо,
Элчанан умматна хуьлда.

***Пашаев Нурди***

# АБУ ХIУРАЙРАС ШЕН НЕНАЦА ЛЕЛИЙНА ГIИЛЛАКХ

Шен ненаца йолу юкъаметтиг чIогIа лераме хилла Абу ХIурайрин, кхоош хилла цо и чIогIа.

ХIоразза а, ша чуьра ара мосазза волу, цуьнан неIарехь саца а соций, олуш хилла цо:

– Делера къинхетам хуьлда-кх хьуна, сан нана.

Нанас жоп луш хилла:

– Хьуна а хуьлда-кх, сан кIант, Делера къинхетам.

Абу ХIурайрас кхидIа а олуш хилла:

– Со жима волуш ахь лелорна, со кхиорна Дала ял лойла-кх хьуна.

Нанас жоп луш хилла:

– Хьо кхиина ваьлча, хьо соьца дика хиларна, Дала къинхетам бойла-кх хьох.

И къамел ша чу мел вогIу а деш хилла Абу ХIурайрас.

***Гочдинарг –***
***Петирова ПетIамат***

№ 11 (364)
Исламан зIаьнарш
أشعة الإسلام
Республиканская религиозно-просветительская газета «Зори Ислама»

# Пресс-служба ДУМ ЧР сообщает:

*В центральной мечети г.Грозного «Сердце Чечни» им. А-Х. Кадырова состоялся маджлис в честь наступления Священного месяца Рамадан. Здесь присутствовали муфтий ЧР Салах-хаджи Межиев, известные богословы региона, кадии, имамы, мюриды и жители с разных уголков республики.*

*После совершения магриб (вечернего намаза) к собравшимся обратился муфтий ЧР, который поздравил всех мусульман с наступившим благословенным месяцем Рамадан.*

*В аудитории Духовного управления мусульман ЧР продолжаются курсы повышения квалификации имамов мечетей населенных пунктов республики.*

*Напомним, что обучение проходит по следующим дисциплинам: фикх (Исламское право), акъида (вероубеждение) и чтение Корана по правилам таджвида. Также уроки включают в себя разъяснение актуальных на сегодня вопросов, в которых заблуждаются последователи экстремистских течений, сбивая молодое поколение с истинного пути.*

*Кадий Веденского района Арби Джафаров провёл выездное совещание с сотрудниками администрации, духовенства, дома культуры, больницы и другими работниками организаций, находящихся на территории сел Хьаьжи-Эвла и Агишбатой.*

*На встрече обсуждались проблемы, связанные с проведением духовно-нравственной работы с молодежью в летний каникулярный период. В конце встречи богослов призвал присутствующих активизировать работу, направленную на духовно-нравственное воспитание молодёжи.*

*В Духовном управлении мусульман ЧР работники аппарата ДУМ ЧР с понедельника по четверг (с 10:00 до 16:00) проводят приём граждан, обращающихся по семейно-бытовым и консультативным вопросам.*

*Некоторые просьбы удается выполнять на месте, другие, по мере возможности, оперативно решаются в ближайшее время.*

*Стоить отметить, что Духовное управление мусульман ЧР рассматривает только вопросы, касающиеся семейно-бытовых конфликтов и вопросы религиозного характера.*



## В ГОСТЯХ У ДРУЗЕЙ

Сотрудники республиканской газеты “Зори Ислама” совершили плановый выезд в станицу Шелковскую в целях ознакомления местных жителей с возможностью оформления подписки на периодическую печать на второе полугодие 2016 года.

Мероприятие прошло в Доме культуры станицы Шелковской. Представители газеты рассказали жителям о пользе печатной продукции. Заместитель главного редактора “Зори Ислама” Петимат Петирова отметила, что сотрудники издания всегда учитывают интересы читателей.

“Каждый может найти на страницах газеты что-то интересное для себя. Мы работаем для вас. Мы постоянно публикуем материалы об авлия, материалы о традициях и обычаях чеченцев”, – сказала она.

Присутствующие в свою очередь изъявили желание оформить подписку на второе полугодие 2016 года.

***Рамзан Мустаев***

## ВОЗДВИГАЯ НАУКУ АЛЛАХА...

**Сегодня наша республика развивается достаточно быстрыми темпами. Идет восстановление, строятся объекты всех направлений, в том числе и образовательные учреждения. Что касается религиозного образования, то у нас открыт Исламский университет им. Кунта-хаджи Кишиева и вместе с ним открыты медресе в разных районах республики. Одним из таких религиозных учреждений является медресе им. Кунта-хаджи Кишиева. В этом учебном заведении директором и преподавателем работает сам инициатор открытия этого медресе Аббас Насуханов.**

Он любезно ответил на наши вопросы.

– С какого года преподаете?

– Официально зарегистрирован с 20 мая 2004 года. Уже 12 лет.

– Что сами заканчивали?

– Курчалоевский Исламский университет закончил, сейчас же учусь в Пятигорском государственном лингвистическом университете.

– Сколько у Вас преподавателей?

– В данное время у нас преподает по штату 5 преподавателей.

– Студентов сколько?

– Вечерний состав – 61, а дневной – 25 человек.

– Сколько лет надо учиться?

– Вечерняя подготовительная группа – полтора года, основной курс – 4 года.

– Каков уровень знаний?

– Средний профессиональный.

– Чем можно заняться с дипломом об окончании медресе?

– После окончания можно поступить в Исламский университет, преподавать арабский язык и стать в мечети имамом.

– Каким наукам обучаете?

– Среди наших предметов – толкование Корана, фикх, морфология, синтаксис арабского языка, арабский язык, чтение Корана, таджвид.

– Обучение платное?

– У нас обучение бесплатное.

–Требуется ли создавать еще какие-нибудь филиалы?

– На данный момент у нас 200 «посадочных» мест, поэтому пока что никаких дополнительных филиалов не будем открывать. Мы можем еще принимать учащихся.

– Есть ли какое-нибудь отражение негативного влияния из сети Интернет среди Ваших студентов?



– У нас своя программа. По этой программе мы и идем и лишнего ненужного не принимаем.

– Расскажите о своем рабочем графике.

– Дневная смена – с 9 до 12ти, с 14:00 до 17:00. Вечерняя же смена – с 20:00-22:00. Выходной – пятница.

– Спасибо, что ответили на наши вопросы.

***С. Сугаипов***

### Нохчийн кхерчахь

## Дагалецамаш

Хьалха юьртахь бежанаш леладора. ХIинца леладой-м ца хаьа…

Амма хIара дагалецамаш дIа ца язбича Iен-м ца ели. Ша лелош долу муьлхха а хIума санна, ойла тIе а яхийтина, ша лелочух ваша а вешаш лелийча, доккха беркат ду бежана... Амма дика лело деза, уьш лело меттиг кхачо йолуш, хьайна аьтто болуш тоян еза, цкъа дикка тойича, дукха къахьега ца деза. ХIоъ-докъар кхачо йоллуш кечдан деза, амма докъаран шорто яра аьлла, пусар дайа мегар дац, хьаьжкIийн гIад а, дезар ца деш охьаоьгу стом а хьалха бао беза, чохь севцца бежанаш якхдала дуьйладалале. Делкъал тIаьхьа доца хуьлу де, эсийн хьаьвдеш чуьра схьаэцна йол йилла мегар ду даккхийчу бежнашна. ХIоранна хьалха туьхан тIулг билла беза, диларш – узучу аттана яла еза. ХIора а куьг хьоккхуш хьаста деза, Дала беркат (хайра) де хьох, олуш…

ХIора шарахь дохнна тIера закат дала деза, стен эса, тIаьхье дебо лууш хилахь а аьлла, амма цара цунах дезар ца динера аьлла, пIераскан буса шура а, тIо а, кIалд-нехча а яла еза, лула-кулахь хударе даош бер делахь, хIора Iуьйрана цунна литар шура ялархь хила зен дац, беркат совдалар бен...

**P.S.** Ца хаьа хIара хьанна оьшу а, я цкъа а цхьанна а оьшур дуй а…Амма нохчийн кхерчахь, нохчийн кертахь хилла дахар ду-кх хIара. Даима а дедена а, денанна а гонах хьийзинчу суна цара лелош гина а, юха цаьргара схьаэцна а хIуманаш ду.

ХIетахьлера и йовхо лоьхуш дIаяздича, дийнна дахар карла а дели.

Нагахь шуна а кхунах жима а йовхонан хьу кхеттехь, кхаъ а хир бу…

***Петирова ПетIамат***

### Малхбален дийцарш

## Хаттар

Дозаллаш дар чIогIа дезаш волчу цхьана хьоладас шен бахамах тамаш байта дагахь, ша волчу кхайкхина цхьа эвлаяъ.

Цхьана чуьра вукху чу а воккхуш, и чоьнаш кхелина болу шен бахам гойтуш, волавелла хьолада.

ТIаьххьара а хьаттина цо:

– Уггаре а чIогIа хьо цецваьккхинарг хIун ду кху кертахь?

Эвлаяа жоп делла:

– Оццул йоккха хIара IалагIожа лан лаьттан ницкъ кхачар дукх со цецваьккхинарг.

***Гочдинарг – Петирова ПетIамат***

Купля-продажа золота согласно нормам шариата
тел. 8-963-703-90-93; 8-938-016-12-24
ISLAV-LOMBARD БЕЗ ПРОЦЕНТОВ

1.6. Покупатель «Ислам-Ломбард» несет ответственность за приобретенное изделие и гарантирует продать только тому продавцу с кем был первоначально заключен договор, с учетом сроков указанных в договоре.

1.9. Цена продажи изделия устанавливается Покупателем и Продавцом до заключения договора, в случае обоюдного согласия сторонами, заключается договор.

### Халкъан хьекъал

## Эрна лер

Багахь дина хIоаш кхерзина дац.
Боца муш а тоьла десачу къамелал.
Дукха лер - дети делахь а, ца лер - деши ду.
Дукха лер - хьекъал ца тоар ду.
Дог Iахар долчо тIуо багахь боккху.
Ира мотт - совгIат, беха мотт - таIзар.
КIезиг дечо дукха дуьйцу.

Хабарал худар тоьла.
Хабар дукха дийцинчо болх кIезиг бина.
Хьайга догIуьрг аьлла Iийча,
нахана цкъа а кIордор вац хьо.
Церг - деши ду, мотт - бала бу.
Яьсса хIума чIогIа ека.
Iовдалниг хье мел ви а Iовдал волу.

## ДIахьош ду«Исламан зIаьнаршка» яздалар!

**Ткъе пхиъ шо ду «Исламан зIаьнарш» цIе йолу бусалба динан газет вайца долу. Газето вайна довзуьйту динан баххаш, парзаш, суннаташ, вайн эвлаяийн дахар, дуьйцу вайн хаза гIиллакхаш, ламасташ…**

**Иштта, газетан агIонаш тIехь довза йиш ю вайн махкахь дехачу сийлахьчу, дикачу адамийн хаза гIиллакхаш а, церан дика масалш а…**

**Вайх хIораннан а таро ю «Исламан зIаьнаршца» гергарло таса, цунах дагадовла, цуьнга дагара дийца…**

**Язде «Исламан зIаьнаршка», язло «Исламан зIаьнаршка»!**

**Газете язваларан мах – эхашарна кхо бIе кхузткъа сом (360 сом), шарна – ворхI бIе ткъа сом, (720 сом)…**

## Объявление

Редакция газеты **«Исламан зIаьнарш»** (Зори Ислама) принимает рукописные и в электронном виде материалы для перевода с чеченского языка на русский и с русского на чеченский, а также печатание с редактированием и корректуры, без редактирования и корректуры. Цены и условия оплаты по договоренности.

Обращаться по адресу: **г. Грозный, ул. Маяковского, 92. Редакция газеты «Исламан зIаьнарш»** (Зори Ислама). Телефон для справок: **8-928-088-85-50**

**Лараме газетдешархой, дIахьош ду «Исламан зIаьнарш» газете язвалар. Газетан индекс: 54 928**

Исламан зIаьнарш
أشعة الإسلام
ГУ «Республиканская газета «Зори Ислама»
Газетан бух биллинарг Заурбеков МасIуд
Коьрта редактор Заурбеков М.М.

Газет диллинарг/арахоьцург: НР-н къоман политикин,арахьарчу зIенийн, зорбанан, хаамийн министерство
Министерствон адрес: 364014, Соьлжа-ГIала, Маяковскийн урам, 92
Редакцин адрес: 364014, Соьлжа-ГIала, Маяковскийн урам, 92
Телефон: 8-8712-222-45-34
Тхан интернет-почта: zori_islama@mail.ru
Редакцин сайт: www. zori-islama.com
Газетан индекс: 54 928

Газетан верас Кадыров Хож-Ахьмад-хьаьжа
Газетна регистраци йина шуьйрачу коммуникацийн, культурни тIаьхье Iалашъяран декъехь законаш лардар тIехь тергам латторан НР йолчу Федеральни службо 2015-чу шеран 1-чу декабрехь
Регистрацин хьокъехь долу тоьшалла ПИ № ТУ 20-00110

Редакцин кхеташо:
М. Заурбеков – коьрта редактор
С.Межиев – НР-н муфти,
Х-А. Кадыров – Къилбаседа Кавказан Iелимнехан кхеташонан куьйгалхо,
М. Д. Заурбеков, С. Муртазаев,
П. Петирова, Л. Арсалиева
Ответственная за выпуск – П.Р.Петирова
Арадолу нохчийн, оьрсийн меттанашкахь баттахь шозза, еариденошкахь

Тираж - 3000. Зорбанна куьг яздан деза хан 08.06.2016 шо. 15:00.
Зорбанна куьг яздина хан 08.06.2016 шо. 16:00
Заказ №
Зорбатоьхна ГУП ИПК «Грозненский рабочий» типографехь. Типографин адрес: 364021, Соьлжа-ГIала, Интернациональни урам, 12/35
БИННА МАХ